# ku sos ci sunu diine ji lu ci bokkul dees na ka ko delloo

Jële nañu ci Aysa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku sos ci sunu diine ji lu ci bokkul dees na ka ko delloo" Buxaariyu ak Muslim dëppoo nañu ci. Muslim ni mu ko nettalee mooy: "ku jëf jenn ci ludul sunu ndigal dees na ka ko delloo».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne ku sos ci diine ji mbaa mu jëf jëf joo xam ne Alxuraan ak Sunna tegtalewu ko, dees koy delloo boroom te deesu ko nangu fa Yàlla.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee